

UKURI

IVYO UMUGABWE MSD WIYEMEJE KURWANYA

- MSD yiyemeje kugwanya amacakubiri afatiye ku moko, intara, amadini n'urukoba;
- MSD yiyemeje kugwanya ubwicanyi, ihohoterwa n'akarenganyo bigirigwa kiremwa muntu iyo bituruka hose;
- MSD yiyemeje kugwanya intworo z'agahoto aho zoba ziturutse hose ;
- MSD yahagurutse kugira igwanye abategetsu batwaza igikenye, babesha, biba, basuzugura abanyagihugu.

IVYO UMUGAMBWE MSD WIYEMEJE GUHARANIRA

- MSD yiyemeje guhuza abarundi, bo mu moko yose, mu ntara zose, mu madini yose, abarundi bagasubira kwitwa **bene b'uburundi**;
- MSD yiyemeje guharanira ko ibisata vyose vy'ubuzima bw'igihugu bijamwo abashingantahe n'abapfasoni b'ubuntu, batagira ico bagirizwa canke ico bikekwako mubwicanyi bwaranze kahise k'igihugu, ubunyonyezi n'ayandi mabi yose yakorewe igihugu n'abarundi kuva uburundi bukirunka intahe y'ukwikukira gushika uno musi ;

UGUCABUGUFI

N^o2


- MSD yiyemeje guhagurukira yivuye inyuma ico cose coza gicanishamwo abarundi, gihohoterwa zina kiremwa muntu;
- MSD yiyemeje gukura igihugu c'Uburundi muvuyara vy'intworo z'agacinyizo kandi ikarandurana n'imizi ingeso y'ukudahana, kunyonora itunga ry'igihugu, gukumirana n'ugusubiza iteka n'ubwigenge umurundi wese atanumwe akumiriwe;
- MSD yiyemeje gukora ibishoboka vyose kugira intworo rusangi na demokarasi bishinge imizi;
- MSD yiyemeje guharanira ukwishira n'ukwizana kwa zina murundi wese, eka n'umunyamahanga wese ari mu burundi;
- MSD yiyemeje gusubiza ishusho y'uburundi mu makungu, dusubire twizerwe;
- MSD yiyemeje guharanira ko igihugu cacu gisubira kuba nyabagendwa;
- MSD yiyemeje gushengeza umuntu wese afise ico yagirizwa mu mabi yagiye arakorera uburundi n'abarundi;
- MSD yiyemeje guteza imbere agateka ka zina muntu;
- MSD yiyemeje gutunganya neza ibisagara bikuru na bitobito muntumbero yo guteza imbere isuku n'ibidukikije.

UBUNTU

M.S.D

**MOUVEMENT POUR LA
SOLIDARITE ET
LA DEMOCRATIE**

MSD



**UMUHARI UHARANIRA GUFATANA
MUNDA NA DEMOKARASI**

INKINGI ZITATU ZIRANGA UMUGAMBWE MSD

1. UKURI (vérité) : *dukora ivyo twemeye kandi twemera ivyo tuzokora (tuvuga ivyo tuzokora, dukora ivyo twavuze)*

Mbega ukuri n'iki ?

Ijambo ukuri benshi bararitinye ari naco gituma Imvugakuri za MSD zitegerezwa gushira ubwoba kugira berekane iciza n'ikibi mu kubera akarorero abandi mu kuvuga ukuri.

Ukuri ni harya umuntu avuga canke akerekana ibintu ata kinyoma canke ububeshi birimwo.

Ukuri niyo nkingi, umushinge, iteka n'ijambo bitegerezwa kuranga umu MSD.

Ni naho havuye ijambo riranga abanywanyi b'Umugambwe MSD aribo
« IMVUGAKURI ».

Ukuri rero kuzana ubutungane, ukwizerana, kukerekana kandi ugucabugufi.



2. UGUCA BUGUFI (Humilité) : *Aha turi hari abandi, ejo hazoja abandi*

Uguca bugufi ni akaranga k'umutima atari agatimatare kerekana umuntu aciye bugufi, afise umutima runtu, abera akarorero keza abandi, muri we, abona abandi; ntiyama yishira imbere ngo yihayagize; abona ineza y'abandi, ntiyama ari « jewe »; jewe iza inyuma.

Imvugakuri rero ibwirizwa kugira uwo mutima n'ako gatima runtu ko kubona no gushira imbere iyo neza y'abandi no kwitangira abandi mu kubaja imbere no kubarongora aribwo buntu n'ineza duharanira.

3. UBUNTU (Humanité) : *Duharanira kurangwa, ntiduharanira kuramba*

Ni akaranga k'umutima runtu, umuntu wese ategerezwa kugira ico twokita ikibabarwe canke ikigumbagumba, kiremwa muntu agirira ikindi kiremwa nkawe haba mu neza canke mu bihe bibi.

Ubuntu rero ni indanzi karangamuntu yerekana ibiranga umuntu w'Imvugakuri. Ubwibone, ubushizi bw'isoni, ukutagira ico wibanga n'indero kavukire, ububegito n'ibindi si ubuntu kandi ntibiranga Imvugakuri y'Umugambwe MSD.



Umutima n'akaranga vyubatse Uburundi harimwo Ubuntu n'Uguca bugufi arivyo biranga umutware canke umushingantahe atari umushingantahe w'intahe y'ibishobisho, ari we mpemuke ndamuke na mpema yuzuye.

Igihugu camanye iteka n'abagabo bitangira abandi kukaba nkako ahatari intwari hama induru n'indyanze za minsi yose ari naho havuye ya migani y'ikirundi ngo : « *Urugi ruva kumuryango imbeho ikinjira, urugo rutagira umugabo ntakitarukengera* », n'ibindi biboneka ahatari Ubuntu.

Hari ijambo rimwe rikomeye kandi dukwiye kuzirikana:

“Igihugu cawe nico kintu cagaciro gisumba ibindi vyose Imana yaguhaye. Ntuze wihende narimwe ngo ucanjanjweko kuko rwoba ari urupfu rwawe. Utegerezwa kukirwanira n'ukucigira uka cigura, kucidengevyamwo, kugitekanya, kugitera iteka, kugiteza imbere kuneza yawe n'iyabazokivukamwo mubihe bidashira.”

